JW.ORG™
Kopa peji iri pawww.jw.org

Vanakomana vaJakobho

GENESISI CHITSAUKO 37

Sarudzai nyaya dzamunoona kuti dzichanakidza uye dzichabatsira mwana wenyu. Kurukurai nyaya dzacho semhuri.

VERENGAI GENESISI CHITSAUKO 37

Kana mapedza chiverengai nyaya yomuBhaibheri ine mifananidzo (paIndaneti kana kuti papepa ramunenge mapirinda), mokurukura mibvunzo iri panoperera nyaya yacho.

ITAI IZVI: Udzai mwana wenyu kuti adhirowe nguo yakareba iyo Jakobho akasonesera Josefa. Onai *Bhuku Rangu Renhau dzeBhaibheri,* nhau 19 uye 21, kuti muone zvakaita nguo yaJosefa. Kuti muone mamwe mashoko nezvenguo iyi uye zvaingadaro yaimiririra, onai musoro wakanzi *"Dress"* uye *"Joseph"* mubhuku ra*Insight,* pasi pechikamu chakanzi PUBLICATIONS > ONLINE LIBRARY pawww.jw.org, kana ichiwanikwa mumutauro wamunonzwisisa.*

* Mune mimwe mitauro, munogona kuteerera mutambo unonzi *"Preserving Life in Time of Famine."* Dhirama iri rine zvinhu zvichataurwa nezvazvo munyaya dzomuBhaibheri dzine mifananidzo dzichabuda munguva dziri kutevera. Munogona kukopa dhirama iri pawww.jw.org.

DZIMWE NYAYA DZAMUNOGONA KUPIRINDA

KUDZIDZISA MUCHISHANDISA MIFANANIDZO

CHII CHAKAKANGANISIKA PAMUFANANIDZO UYU? Itai kuti vana venyu vemakore 3 kusvika ku5 vatsvake kuti zvinhu zvipi zviviri zvakakanganisika pamufananidzo uyu. Vaudzei kuti vanyore mhinduro dzacho pamitsetse isina kunyorwa chinhu uye vobva vapenda mifananidzo yacho. Vabvunzei kuti chii chiri kuitika pamufananidzo wacho.

NYAYA YOKUDZIDZA

NDINI ANI? Itai kuti vana venyu vemakore 6 kusvika ku10 vaverenge mashoko angangovabatsira kuziva mazita evanakomana vaJakobho uye voanyora.

CHENGETA UDZIDZE

KADHI REMUNHU WOMUBHAIBHERI Verengai nhoroondo yomunhu wacho. Bvunzai mibvunzo iri pakadhi. Muchishandisa chati rinoratidza makore akaitika zvinhu riri pakadhi rino nemamwe makadhi amunawo, batsirai mwana wenyu kuti aronge vanhu vomuBhaibheri muzvikwata zviviri: (1) vaya vakazvarwa Jesu *asati* azvarwa (2) vaya vakazozvarwa Jesu *atozvarwa.*

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania